# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अलीगढ़ में जनपद स्तरीय वृहद रोजगार मेला में पांच हजार से बेसी नौजवानन के नियुक्ति पत्र बंटलें। सथहीं, सात सौ पांच करोड़ क तीनि सौ पांच विकास परियोजनन क लोकारपण अउर नेइयो धइलें।

श्री योगी कार्यक्रम के सम्बोधित करत कहलें कि कांग्रेस अउर सपा क लोगिन के भित्तर जिन्ना क आत्मा धुसि कइल हौ। जिन्ना देस क बंटवारा करे क पाप कइले रहलें, समाज के बांटि के ईहे पाप कांग्रेस अउर सपो कै रहलि हौ। उहां के कहलीं कि आजु जब देस विकास क नया ऊंचाई के छू रहल हौ तब ई लोगि समाज के तोड़े क कार कइ रहल हवें। दुइ हजार चउदह में पीएम मोदी के अइले के बाद से देस नया बुलंदियन की ओरि आगे बढ़ि रहल हौ। ओहीं, दुसरका ओरि पूरा बिपक्ष समाज में जाति क जहर घोरि के अराजकता फइलावे क कार कै रहल हौ। सीएम योगी कहलें कि सपा मुखिया के बेटी सुरक्षा पर बोलले क कउनों अधिकार नइखे। अजोध्या, कन्नौज अउर कोलकाता के घटना पर उनकर जबानि नाहीं खुलति हौ।

**********

प्रधानमंत्री जन धन योजना आजु दस बरिस पूरा कै लिहले हौ। योजना में अबले तिरपन करोड़ से बेसी लाभार्थियन के बैकिंग सुविधा दिहल जा चुकलि हौ। ऐह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सज्जों लाभार्थियन के बधाई देहले हवें अउर ऐह योजना के सफल बनावे वालन के धन्यवाद देहले हवे। प्रधानमंत्री एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि जन–धन योजना वित्तीय समावेसन के बढ़ावा देवे अउर करोड़ो लोगिन, विसेसकर महिला, युवा अउर हासिया पर रहे वाले समुदायन के सम्मान देवे में खास भूमिका निभवले हौ।

**********

गोरखपुर के सोलर सिटी बनवले के दिसा में प्रदेस सरकार पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना पर खास जोर दे रहलि हौ। एहमें पचहत्तर आवासीय भवन पर सोलर रूफटॉप संयंत्र लगवले क लक्ष्य तय कइल गइल हौ। एकरे बदे पोर्टल pmsuryaghar.gov.in के जरिये आवेदन हो रहल हौ। उत्तर प्रदेस नवीन अउर नवीकरणीय ऊर्जा विकास अभिकरण–यूपी नेडा क परियोजना अधिकारी गोविंद तिवारी बतवलें कि हर घर सोलर अभियान में एक किलोवाट क सोलर प्लांट लगवावे पर केन्द्र सरकार की ओरि से तीस हजार रूपिया अउर राज्य सरकार की ओरि से पनरह हजार रूपिया यानी कुलि पैंतालीस हजार रूपिया क अनुदान मिलि रहल हौ। दुइ किलोवाट क सोलर प्लांट पर नब्बे हजार रूपिया क अनुदान, जबकि तीनि किलोवाट चाहे एहसे बेसी क्षमता क सोलर प्लांट पर एक लाख आठ हजार रूपिया क अनुदान मिली।

**********

बनारस क पनरह ग्राम–पंचायतन में सामुदायिक भवन–बराति घर के निरमाण के ले के आजु विकास भवन में पावर ग्रिड कॉर्पोरेशन ऑफ इंडिया लिमिटेड अउर जिला प्रसासन–वाराणसी के बिच्चे समझौता भइल। करार में भवन क निरमाण एक हजार एक सौ पचासी दसमलव नौ सुन्न लाख से होई। एहमें काशी विद्यापीठ विकास खण्ड क तीनि, अराजीलाईन विकास खंड क छौ अउर सेवापुरी विकास खंड क छौ ग्राम पंचायतन में सामुदायिक भवन–बारात घर बनावल जाई।

**********

उर्दू अदब क दुनिया में जवन नाव गोरखपुर के राष्ट्रीय से लेके अंतराष्ट्रीय स्तर पर पहिचान दिअवलसि, ओहमें फिराक साहब क नाव सबसे पहिले अउर पुरहर सम्मान के साथे लिहल जाला। आजु उनकर जयंती प्रदेस भर में मनावल जा रहलि हौ। गोरखपुर के गोला तहसील क्षेत्र क बनवारपार क रहवइया पेसा से ओकिल, मुंसी, गोरख प्रसाद इबरत क पुत्र के रूप में अट्ठाइस अगस्त अट्ठारह सौ छियानबे में रघुपति सहाय उर्फ फिराक गोरखपुरी क जनम भइल रहल। अंग्रेजी पढ़े अउर पढ़ावे वाले फिराक साहब के उनकर कालजयी रचना बदे ज्ञानपीठ, पद्मभूषण, साहित्य अकादमी पुरस्कार के साथे कई बड़हन सम्मान हासिल भइल।

**********

सुलतानपुर क एमपी–एमएलए कोर्ट में आजु दुपहरिया आम आदमी पारटी क राज्यसभा सदस्य संजय सिंह सरेंडर कइलें। कोर्ट उन्हें पचास–पचास हजार क मुचलका पर जमानति दिहले हौ। बिजुली–पानी के ले के परदरसन क तेइस बरिस पुरान मामिला में हाल के दिनन में सेसन कोर्ट संजय सिंह के साथे सज्जो आरोपियन के तीनि–तीनि महिन्ना क सजा के बरकरार रखले रहल। एके ले के संजय सिंह हाईकोर्ट गइल रहलें, जहां से उन्हें जमानति मिलल। ओन्नइस जून दुइ हजार एक क मामिला में विद्युत बदहाली क बिरोध में पूर्व विधायक अनूप संडा क अगुआई में सहर क सब्जी मण्डी के लग्गे फ्लाई ओवर के नगिच्चे धरना परदरसन भइल रहल, जवना में आम आदमी पारटी क येह समय क राज्यसभा सदस्य संजय सिंह के साथे अउरियो लोगिन पर मोकदिमा दरज भइल रहल।

**********

रामपुर जिला में आजु आचार संहिता उल्लंघन मामिला में पूर्व कैबिनेट मंत्री आजम खान के एमपी–एमएलए कोर्ट दोसमुक्त करार दिहले हौ। फिलहाल सीतापुर जेलि में बन्न आजम खान पर बरिस दुइ हजार ओन्नइस में ओम्मेदवार रहत आपन कार ले के राजकीय रजा महाविद्यालय मतदान केन्द्र में पहुंचल रहलें। अइसने में ओह समय, ओइजा क एसडीएम पीपी तिवारी उनके खिलाफ आचार संहिता उल्लंघन क मामिला दरज करवले रहलें। आजु येह मामिला में कोर्ट सबूत नाहीं मिलले के आधार पर आजम खान के दोसमुक्त करार दिहलस।

**********